**झोरा jhōrā** *n* छोट थोकरा। knapsack, handy bag/sack. **झोरी** *d*.

**झोराएब jhorāeb** *nvt* तीमनकेँ पानि आ मसाला दए बरकाएब। add water to form broth.

**झोल jhōl** *n* 1. लटकल तन्तु आदिक मध्य भागमे भारवंश धनुषाकार अवनति। sag. 2. धुआँ आदिसँ मलिछ भेल मकराक लटकल सूत। spider's web fibre blackened with smoke and dust.

**झोलङ jhōlaṅ** *adj* बीचमे लहल/नमड़ल। saggy.

**झोलब jhōlab** *vt* कपड़छान करब, कपड़ामे चालब। sieve through cloth. **झोलना** *n* झोलबाक वस्त्रादि साधन। sieve. Also **झोलनी**।

**झोलर jholar** *adj* झोल(1)सँ युक्त, तानल नहि रहने बीचसँ नमड़ल। sagged. **झोलरत्तू** *adj* झोल लगैत-लगैत रक्त (लाल) भेल (कोड़ोक बाँस आदि)। turned red due to long exposure of domestic smoke. **झोलरब** *vi* झोलर होएब। develop sag. **झोलराह** *adj*.

**झोलरि jhōlari** *adj* झखरल, शिथिल। loose, sagging, dropping. Also **झोलरी**।

**झौआ jhauā** *n* 1. अमतौआ नेबोक एक प्रभेद। a variety of lemon. 2. एक वृक्ष जकर पात केस-सन चीरल-चीरल होइत अछि। a tree bearing hair like leaves; *Tamaria indica*.

**झौँसब jhaũsab** *vt* झरकाएब। scorch, parch.

**झौहरि jhauhari** *n* अनेक व्यक्तिक एक सङ्ग कानब/चिचिआएब। wailing and weeping in group, concrescence.

**ञ** yā वर्णमालाक दसम व्यञ्जन। tenth consonant of alphabet.

**अहाँ, ञे, ञेहाँ yāhā, yē, yehā** *obs See अहाँ, एँ, अहाँ।*

**ट** ṭ वर्णमालाक एगारहम व्यञ्जन। 11th consonant of alphabet.

**टक ṭak** *n* अपलक स्थिर दृष्टि। constant eager look. **-ध्यान** *n* अटल एकाग्रता। fast attention. **~ लगाएब** *vt*. आतुरतापूर्वक ध्यान लगओने रहब। look for eagerly. **टकटक** *adv* अपलक। without a wink. *adj* लकलक, अति दूबर-पातर। lanky, lean and thin. **टकटकी** *n* अपलक दृष्टि। gaze.

**टकगर ṭakgar** [टाका-] *adj* अधिक टाकाबाला, धनिक। moneyed, rich.

**टकटोरब ṭakṭorab** *vt* आन्हर-जकाँ केवल स्पर्शसँ वस्तुक अन्वेषण करब। grope. **टकटोरिआ** *n* स्पर्श सँ अन्वेषण। groping.

**टकबेल ṭakbēl** *n* बेली फूलक एक प्रभेद जे टाका-सन होइत अछि। a variety of jasmine having flowers as big as a rupee coin.

**टकराएब ṭakrāeb** *vi* ठेकर/धक्का खाएब। collide, dash, clash.

**टकसब ṭaksab** *vi* कनेक घुसकब। budge, move aside, stir.

**टकसबाइ ṭak-sabāi** *n* ऋणक एक व्यवस्था जाहिमे एक टाका मूल प्रतिमास साबा टाका होइछ। rate of interest 25% per month.

**टकसाल ṭaksāl** [टङ्कशाला] *n* सिक्का ढारबाक कारखाना। mint. **टकसाली** *adj* टकसालमे ढारल गेल; परम प्रामाणिक। come from mint; genuine, real, authentic.

**टकही ṭak-hī** *adj* 1. एक टाका मूल्यक। of one rupee value. 2. (सूदिक एक दर) प्रति रुपैआ एक टाका (अर्थात् आधा आना) प्रतिमास। (rate of interest) half anna per rupee per month (obs).

**टका ṭakā** *n* टाका, एक रुपैआक सिक्का। rupee. **-टुकुर** *n* टाका-पैसा। money. *टके कोस, टके डेग "टाकाक व्यासक बराबरि अति छोट-छोट डेग दैत, परम मन्द गतिसँ। stepping inch by inch, in snail's speed."*

**टँकाइ ṭākāi** *See टाँकब।*

**टकाटकी ṭakāṭakī** *See टकटकी* under *टक।*

**टँकारी ṭākārī** *n* टँकबाक पैघ सुइ/टाकु। big needle used for quilting.

**टकुआ ṭakuā** *See टाकु। -तान adj* टाकु-सन सोझ। straight like needle.

**टकुआरी ṭakuārī** *n* काठमे छेद करबाक लोहाक सुलफा। strong needle used for boring wood.

**टकुरी ṭakurī** [टाकु-] *n* चकती लागल टाकु; सूत कटबाक एक उपकरण। spindle.

**टकोरा ṭakōrā** *See टिकुला।*

**टकौरी ṭakaurī** *n* हलुआइक तराजू। scale used by confectioners.